



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 11 mas 2013

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE SITWÈB [OPEN.NY.GOV](https://open.ny.gov) POU BAY PIBLIK LA AKSÈ FASIL YO PA T JANM JWENN ANVAN NAN DONE FEDERAL, DONE ETA AK DONE LOKAL

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse "open.ny.gov," yon nouvo sitwèb jeneral pou transparans done eta a ki bay – pou premye fwa – aksè pou transparans done eta a ki bay – pou premye fwa – aksè fasil yon sèl kote nan done nan ajans eta New York, gouvènman lokal yo ak gouvènman federal la. Sitwèb la, ki bay enfòmasyon sou devlopman ekonomik, sante, lwazi ak sèvis piblik, te devwale jodi a pandan Semèn Sunshine, yon pwojè nan nivo nasyon an ki la pou bay sansibilizasyon sou enpòtan gouvènman ki louvri.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Open.ny.gov kreye transparans ki pa t janm genyen anvan nan tout nivo gouvènman an, epi li bay aksè ki fasil nan anpil kantite enfòmasyon sou Eta nou an. Nouvo sitwèb sa a ap ogmante bay plis aksè pou piblik la nan youn nan resous ki pi enpòtan – done. Pandan l ap agrandi ak evolye apre yon peryòd tan, Open.ny.gov ap montre inovasyon, amelyore efikasite, ankouraje responsablite, epi fè pèp la retounen nan gouvènman an."

Jodi a, Gouvènè a te pibliye yon Dekrè Egzekitif pou mande ajans eta yo, pou premye fwa, pou revize ak modle done yo rasanble yo, epi pou pran mezi pou mete done piblik yo disponib sou sitwèb la. Y ap mete done yo nan entènèt dapre gid Biwo Eta a pou Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (ITS) dwe devlope, epi Dekrè Egzekitif la mande ITS pou konsilte avèk ajans yo, epi pou resevwa remak piblik la pandan y ap finalize gid sa yo. Apati jodi a, sou 30 ajans ak administrasyon eta a, State University of New York (SUNY) ak City University of New York (CUNY) deja mete done yo disponib, epi Depatman Edikasyon Eta a dakò pou patisipe nan avansman pwojè a.

Yo ofri [Open.ny.gov](https://open.ny.gov) tou kòm yon resous komen pou lokalite ki nan eta a, pou bay sitwayen yo aksè menm jan nan done gouvènman an epi pou ede gouvènman lokal yo diminye depans yo ak amelyore efikasite a anplis ogmantasyon transparans lan. Konte Essex, Oneida, Onondaga, ak Suffolk ak Vil Albany deja kòmanse divilge done yo sou sitwèb la. Eta a ap bay asistans pou tout lokalite ki chwazi itilize sèvis la. [Open.ny.gov](https://open.ny.gov) kapab ede ajans eta a ak gouvènman lokal yo lè li fasilite rechèch, ankouraje desizyon ki baze sou enfòmasyon, epi amelyore kolaborasyon ki baze sou done piblik yo. Li bay ajans yo ak lokalite yo tou plis mwayen teknik pou mete done yo adispozisyon piblik la.

Haitian Creole

Nan yon kolaborasyon avèk gouvènman federal la, anpil milye seri done federal disponib tou nan open.ny.gov sèlman oswa ansanm avèk done New York yo. Menm jan tou, moun kapab fè rechèch sou done New York yo avèk done lòt eta sou sitwèb federal data.gov.

Todd Park, Direktè Teknoloji, Biwo Politik Syans ak Teknoloji Mezon-Blanch, ki te alatèt efò gouvènman ouvè federal la, di konsa, “Nou ta dwe bat bravo pou Eta New York paske li se premye eta nan mete done gouvènman an disponib pi plis, fasil pou jwenn, ak fasil pou itilize. Ouvèti done gouvènman an ap ankouraje pi bon efikasite ak rannman gouvènman an, epi l ap fasilite yon ogmantasyon lespri antrepriz sektè prive a, inovasyon ak dekouvèt.”

“Done lib” vle di done ki pa gen restriksyon, epi ki kapab pibliye nan yon fòm moun kapab jwenn, pran nan entènèt, klase, ak chèche nan aplikasyon rechèch moun itilize an komen nan entènèt. [Open.ny.gov](https://open.ny.gov) bay aksè ki pa t janm genyen anvan nan “done lib” ak transparans nan anpil kantite enfòmasyon gouvènman eta nou an ak gouvènman lokal yo rasanble ak konsève. Li pèmèt chèchè yo, sitwayen yo, biznis yo, ak kominote teknik lan dirije ak jwenn aksè santralize nan done gouvènman ki gen anpil enpòtans pou fè rechèch, analize, pran nan entènèt ak divilge.

Lè yo mete enfòmasyon gouvènman an disponib nan fason sa a, sa ankouraje devlopman “aplikasyon” itil ki baze sou done yo, ki ankouraje chèchè yo ak gwoup obsèvasyon yo pou itilize done yo pou fè sijasyon pou amelyore gouvènman an ak lavi nan New York, epi ki fè ajans eta a pi efikas lè yo bay aksè nan done deyò pwosesis Lwa sou Libète Enfòmasyon (FOIL).

Eksperyans ki fèt lòt kote montre lè yo mete done yo disponib pou piblik la sa redui depans yo, sa fè gouvènman an pi efikas, epitou sa ankouraje kolaborasyon pwodiktif avèk sektè prive a. Men kèk egzanp:

- Lè yo mete done gouvènman an nan entènèt, Massachusetts ekonomize plis pase \$3 milyon dola nan depans pou dokiman lè yo mete enfòmasyon sou acha yo nan entènèt, epi South Carolina remake demann dapre FOIL diminye a yon tyè.
- Nan San Francisco, aksè nan vrè enfòmasyon sou transpò komen te pèmèt gen yon diminyon nan volim koutfil nan liy 311 ki te ekonomize plis pase \$1 milyon dola chak ane.
- Lè yo mete enfòmasyon yo disponib nan entènèt sa te ede Texas ekonomize \$4,8 milyon dola nan dezan avèk itilizasyon done fiskal nan entènèt pou analize ak idantifye ekonomi lajan posib.

Lè yo mete done yo disponib pou piblik la sa pèmèt moun ki deyò gouvènman an kreye aplikasyon itil tou ki baze sou done gouvènman an. Pa egzanp, Washington D.C. estime Aplikasyon modès yo pou konpetisyon Demokrasi te bay \$2,3 milyon dola nan nouvo lojisyèl nan yon envestisman \$50.000 dola nan lajan pri a.

Nan lansman li jodi a, menm anvan yo te mande ajans yo ak administrasyon yo pou patisipe, open.ny.gov deja bay anpil done y ap itilize imedyatman pou piblik la, tankou enfòmasyon enpòtan sou sante, enfrastrikti piblik ak sèvis, tankou:

- [Enfòmasyon sou enspeksyon ijyèn manje](#) pou enstitisyon sèvis manje eta a, tankou restoran, kafeterya lekòl, ba-restoran, ak soup popilè. Anvan sa depatman sante eta a ak depatman sante lokal yo te rasanble done sou enspeksyon sou konfòmite nan sèvis manje yo te mete piblik nan kèk zòn sèlman.
- Kounye a, piblik la kapab chèche yon doktè san pwoblèm epi yo kapab pran pi bon desizyon sou swen sante ki baze sou [enfòmasyon sou disiplin pou konduit medikal pwofesyonèl](#) depi nan ane 1990.
- Pou premye fwa, done nan Sistèm Kolaborasyon nan Planifikasyon ak Rechèch Eta new York (SPARCS), yon baz done rapòtaj jeneral sou sante, disponib pou piblik la san yon demann dapre FOIL ak nan fòm yo kapab chèche ak pran nan entènèt. Sa gen ladan done sou egzeyat nan lopital pou [ane 2010 la nan sant medikal ak demografi](#) pasyan pou lopital ki nan eta a. Enfòmasyon istorik yo disponib tou sou [ritm enspeksyon lopital](#) yo mande ak [rapò depans](#) lopital k ap fasilite rechèch ak analiz.
- [Enfòmasyon sou lwazi](#) nan pak eta a, espas istorik yo, espas kan, santye motonèj, espas pou lapèch, teren gòlf, lansman bato ak pwomnad ak santye pou Kous.
- Enfòmasyon sou founisè sèvis tankou [founisè swen sante mantal](#), ak yon [kat jewografik yo kapab chèche ki konvèsasyonèl sou sant gadri](#) toupatou nan eta a -- tankou enfòmasyon sou kapasite -- pou ede fanmi yo jwenn gadri ki nan katye yo.

Sou 200 seri done yo, kat jewografik, ak tablo disponib jodi a, avèk kèk seri done ki gen anpil milye pyès enfòmasyon. Lè yo melanje enfòmasyon ki sòti nan plizyè ajans ak lè yo pèmèt katografi, open.ny.gov ap ogmante fason pou yo itilize enfòmasyon sa yo. Lè gen plis done yo mete adispozisyon piblik la, y ap devlope aplikasyon ak enfòmasyon itil.

Open.ny.gov devlope sou yon pwojè-pilòt done lib Depatman Sant Eta a te fè pa twò lontan. Pwojè-pilòt sa a te jwenn sipò pwogram gouvènman lib ajans lan – Zouti Enpòtan Ogmantasyon Nèt pou Inovasyon Rechèch ak Pwojè eXcellence, oswa Pwojè METRIX. Pwojè METRIX deziyen pou amelyore aksè piblik la nan resous done DOH epi pou ankouraje inovasyon, patisipasyon, ak kolaborasyon pami moun k konsène ki gen objektif pou devlope politik swen sante sible pou amelyore kalite sistèm swen sante a nan New York. Depi lansman Pwojè METRIX nan mwa out 2011, DOH te mete anpil done enpòtan sou sante disponib nan entènèt pou piblik la. Yo prezante done sa yo kounye a nan open.ny.gov, ak sou yon nouvo sitwèb sante nan health.data.ny.gov.

Manm Komisyon Sante Eta a, Nirav R. Shah, M.D., M.P.H., di konsa, “Yo te kreye Pwojè METRIX pou bay Nouyòkè yo aksè nan done enpòtan sou sante avèk avans ki fèt nan teknoloji a. Mwen kontan paske DOH te gen yon wòl inik pou jwe pou ede lòt vizyon Gouvènè Cuomo pou fè gouvènman Eta New York vin louvri plis, inovatè ak rantab. Open.ny.gov pral sètènman bay avantaj pou tout Nouyòkè yo, epi DOH fyè pou patisipe ladan.”

Haitian Creole

Sèlman uit (8) eta nan nasyon an gen sitwèb done lib ki prezante katalòg done eta a epi ki bay aksè pou fè rechèch ak pou pran done nan entènèt nan yon fòm tankou sa ki nan open.ny.gov. Nan lansman an, open.ny.gov New York ofri “API” oswa Entèfas pou Pwogram Aplikasyon nan seri done, ansanm avèk paj resous esklizif ki bay zouti devlopè yo kapab kòmanse itilize imedyatman pou fè aplikasyon yo avèk done ki disponib yo.

Patikilarite ki Disponib nan Open.ny.gov.

- Aksè inik nan anpil done enpòtan gouvènman an
- Zouti Rechèch Puisan Entè-Ajans: Moun kapab fè rechèch sou tout done yo soumèt yo avèk yon zouti rechèch senp, ki fasilite itilizasyon senp enfòmasyon yo nan tout ajans yo.
- Aksè santralize nan sitwèb transparans siperyè New York: Sitwèb [Citizens’ Connects](#), [Tappan Zee Bridge](#); [TheNewNY.com](#); [sitwèb Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal](#); [Resous Biznis Jeneral](#) nan Empire State Development; ak baz done [Jobs Express](#) pou pòs travay ki nan New York.
- Rasanblaj santralize “aplikasyon” ak zouti mobil ki itilize done Eta New York
- Angajman Medya Sosyal: Fason ki fasil pou sitwayen yo adapte done yo avèk kontèks yo chak apa, pou vizyalize li sou kat jewografik ak tablo, pou divilge kreyasyon yo avèk lòt moun sou blòg ak rezo sosyal; itilizasyon medya sosyal sou sitwèb ap ankouraje yon konvèsasyon sou “done lib” pami itilizatè yo.
- Sijere yon Seri Done: Avèk fonksyon sa a, piblik la kapab sijere lide pou done yo ta dwe mete nan sitwèb la:
- Kapasite pou chèche done federal ak done lokal gras ak kolaborasyon avèk gouvènman federal la ak lokalite ki toupatou nan New York

Pwojè New York Louvri

Lansman open.ny.gov jodi a vini apre lansman “OpenBudget.ny.gov” ki te fèt avèk siksè nan mwa janvyè a, epi li se dènye etap nan “Open New York,” yon pwogram ki parèt nan Diskou 2013 Gouvènè a sou Sitiyasyon Eta a ki vize pou itilize teknoloji pou ankouraje transparans, pou amelyore rannman gouvènman an, epitou pou amelyore angajman sitwayen yo. Nan ane 2011, Gouvènè a te lanse sitwèb Citizens’ Connects pou sèvi kòm yon “lameri nan entènèt” pou Nouyòkè yo jwenn ansyen kalandriye Gouvènè a, pou wè enfòmasyon sou reyinyon ki fèt toupatou nan eta a, epitou pou gade videyo evènman Gouvènè a.

Egzekitif Konte Onondaga, Joanie Mahoney, di konsa, “Lansman open.ny.gov jodi a pandan Semèn Sunshine siyale yon nouvo epòk ouvèti nan Eta New York. Nouvo sitwèb Gouvènè Cuomo a ap pèmèt Nouyòkè yo analize enfòmasyon ki itil epi ki pa t disponib anvan nan ajans eta a ak nan gouvènman federal ki kapab mennen nan pi bon rechèch ak nan desizyon ki pi efikas. Nou te kontan pou aksepte envitasyon Gouvènè a pou divilge done ki sòti nan Konte Onondaga nan sa ki devwale jodi a, epi nou espere kontinye itilizasyon nou nan gwo resous sa a ki nan open.ny.gov.”

Egzekitif Konte Oneida, Anthony Picente, di konsa, “Nou kontan pou mete done Konte Oneida adispozisyon piblik la nan sitwèb open.ny.gov nan lansman li jodi a. Pandan sitwèb la ap kontinye devlope, nou pran angajman pou kontinye patisipasyon nou - ki nan avantaj sitwayen Konte Oneida ak tout sitwayen Eta New York. Pwojè sa a pral ankouraje ouvèti nan gouvènman an, epi l ap ede lokalite yo tou tankou lokalite pa nou an pou redui depans yo epi pou amelyore efikasite avèk èd Eta a. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou pwojè enteresan sa a.”

Egzekitif Konte, Steve Bellone, di konsa, “Nouvo sitwèb done lib Gouvènè Cuomo, open.ny.gov, pral bay Nouyòkè yo yon kantite enfòmasyon eta, lokal ak federal yo pa t janm jwenn anvan. Konte Suffolk fyè pou antre nan pwojè sa a pou ankouraje transparans nan gouvènman an avèk divilgasyon done konte nou an sitwayen yo, biznis yo, ofisyèl gouvènman an ak devlopè teknoloji yo dwe itilize. Open.ny.gov pral ede nou diminye depans yo, amelyore efikasite a epi ogmante ouvèti nan kominote nou an.”

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Essex, Randy Douglas, di konsa, “Open.ny.gov se yon bon kalite resous pou gouvènman lokal yo tankou pa nou an. Non sèlman l ap sèvi kòm yon platfòm pou nou divilge done pa nou yo, men tou l ap ede nou diminye depans yo, l ap ban nou done enpòtan eta a ak federal pou nou pran desizyon ak pou fè rechèch. Mwen di Gouvènè a mèsi pou kalite dirijan li nan fè transparans nan tout nivo gouvènman an vin yon priyorite pou New York.”

Majistra Albany, Jerry Jennings, di konsa, “Nou fyè pou patisipe nan pwojè open.ny.gov Gouvènè Cuomo a. Sitwèb sa a pral ede lokalite nou an diminye depans yo – pou ekonomize lajan pou kontribiyab yo, pou vin pi efikas avèk done yo, epi pou vin pi transparan. Mwen bat bravo pou Gouvènè a poutèt lansman sitwèb sa a epi poutèt li bay tout gouvènman lokal yo opòtinite pou ekonomize lajan ak ogmante transparans lè yo mete done yo nan entènèt.”

Dick Dadey, Direktè Egzekitif Citizens Union of the City of New York, di konsa, “Citizens Union bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak administrasyon li a pou kreyasyon pòtay done lib enpòtan sa yo pou Eta New York, lansman yon eleman enpòtan Pwojè Open New York li. Divilgasyon dinamik done gouvènman eta ak done gouvènman lokal la moun kapab itilize pral bay Nouyòkè yo aksè yo pa t janm jwenn nan done piblik yo pa t janm pibliye k ap pèmèt yo evalye efikasite a non sèlman pou pèfòmans gouvènman an men tou pou lòt enstitisyon k ap sèvi piblik la, tankou restoran yo. Avans enpòtan sa a pral ankouraje inovasyon, l ap pèmèt Nouyòkè yo pran desizyon ki baze sou enfòmasyon, epi l ap fè gouvènman an louvri ak responsab plis – yon eleman enpòtan nan demokrasi 21yèm syèk nou an. Done lib yo pral nan avantaj dirèk gouvènman an tou avèk ekonomi lajan yo reyalize nan depans yo nan rediksyon demann dapre FOIL ak sijesyon piblik la sou posib efikasite yo kapab aplike.”

Robert Freeman, Direktè Egzekitif Komite pou Gouvènman Lib, di konsa, “Pwojè Gouvènè Cuomo a ap sèvi kòm yon avans enpòtan nan divilgasyon enfòmasyon gouvènman an. Non sèlman li se yon seri enfòmasyon ki enpresyonan, pètèt menm pi enpòtan, men tou l ap reprezante kapasite piblik la pou itilize enfòmasyon yo nan fason ki kreyatif ak inovatè. Avèk Open.ny.gov, enfòmasyon yo ap la pou pran, epi moun kapab analize yo, pran yo, melanje yo pou yo vin itilize pou sitwayen yo nan lavi chak jou yo ak nan biznis nou yo ak kominote akademik yo.”

Jim A. Hendler, ansyen Pwofesè (Constellation) nan Tetherless World, Computer Science and Cognitive Science, Rensselaer Polytechnic Institute, di konsa, “Li enteresan pou wè Eta New York k ap pibliye anpil done konsa epi k ap travay pou divilge pi plis. Mwen espere travay avèk devlopè yo nan New York ak nan lòt kote pandan n ap kreye nouvo teknoloji k ap pèmèt plis Nouyòkè jwenn avantaj nan done nou pibliye jodi a.”

Andrew Rasiej, Prezidan NY Tech Meetup, di konsa, “Nouvo Open New York se yon lòt bon jan egzanp New York k ap parèt kòm premye eta nan nasyon an epi k ap vanse nan teknoloji ak inovasyon. Li montre tou lè se objektif pou fè Gouvènman an pi responsab ak transparan, ak aksesib pou tout sitwayen yo, New York pare pou vin alatèt tou.”

John Kaehny, Direktè Egzekitif, Reinvent Albany, di konsa, “Gouvènè Cuomo voye anpil done eta a -- vil ak konte -- pou tout piblik la itilize. Ansanm done sa yo pral ogmante transparans, ankouraje ekonomi inovasyon, amelyore sèvis piblik yo, epi redui depans gouvènman an. Pwojè done lib Eta New York sitou inovatè ak enteresan nan yon lide nasyonal, paske li fè sitwèb done eta a disponib pou gouvènman lokal yo kòm yon resous yo kapab itilize pou fè done yo pi fasil pou yo ak pou piblik la jwenn ak itilize.”

Laurenellen McCann, Manadjè Politik Nasyonal Sunlight Foundation, di konsa, “Eta yo nan yon bon pozisyon pou kreye yon ouvèti enteresan ki pa t jan la nan nivo minisipal ak lokal. Nouvo pwojè Gouvènè Cuomo a se pa sèlman yon demann aksyon pou Albany, men tou pou gouvènman lokal ki toupatou nan eta New York, epi li montre yon nouvo apwòch pou jere enfòmasyon enpòtan gouvènman an genyen.”

Theresa Pardo, Direktè Sant pou Teknoloji nan Gouvènman an, University at Albany, SUNY, di konsa, “Nou rekonèt divilgasyon done yo nan gouvènman yo te difisil pou fèt depi lontan men li nesès pou sèvis ki efikas ak kowòdone ki kwaze limit gouvènman an. Open.ny.gov reprezante yon nouvo opòtinite pou divilgasyon done pami gouvènman Eta New York poutèt yo lè yo bay yon platfòm komen ki fè li fasil pou yo divilge done yo epi pou itilize done yo pou kreye nouvo pwogram ak sèvis entegre ak kowòdone.”

Tim Hoefler, Direktè Empire Center for New York State Policy, di konsa, “Pòtay sa a reprezante yon gwo pa annavan pou transparans, epi l ap debloke anpil pòt pou fè plis enfòmasyon vin disponib pou kontribiyab New York yo.”

Russ Haven, Konseye Lejislatif pou New York Public Interest Research Group (NYPIRG), di konsa, “Ouvèti baz done ajans ak administrasyon eta a ap fè gouvènman eta a vin pi transparan ak efikas. Kounye a pral gen yon fason pou konpare done istorik yo, pi byen evalye pèfòmans ajans yo, epi jwenn done yo pi vit san ale nan pwosesis FOIL. Gouvènè a bay yon etap enpòtan lè li louvri gwo baz done eta a ak lè li bay yon fason pou Nouyòkè yo wè kijan gouvènman eta a itilize lajan taks yo san pwoblèm.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418